

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil data dina hasil panalungtikan bisa ditulis kacindekan nya éta sangkan meunang gambaran ngeunaan kamampuh nuliskeun dongéng siswa SDN Tajur I Cigasong Majalengka. Aspék kamampuh nu ditaliti nya éta:

- a. kamampuh nepikeun eusi dongéng
- b. kamampuh nepikeun galur carita dongéng
- c. kamampuh milih kalimah éféktif
- d. kamampuh ngagunakeun éjahan
- e. kamampuh tampilan dongéng (karapihan tulusan)

Saréngsena ngolah data, panyusun nyindekeun yén:

- 1) Siswa kelas V SDN Tajur I Cigasong Majalengka geus mampuh dina nepikeun eusi dongéng dongéng basa Sunda. Hal ieu téh bisa kabuktian tina 21 urang siswa anu ditaluntik téh sacara umum aya 13 urang (61,9%) kaasup kana kategori luhur pisan (LP), 7 urang (33,33%) kaasup kana kategori luhur (L), jeung saurang (4,8%) kaasup kana kategori sedeng (S). Rengking kaecenderungan aya dina tahap kategori luhur pisan (LP).
- 2) siswa kelas V di SDN Tajur I Cigasong Majalengka geus mampuh dina nepikeun galur carita dongéng basa Sunda. Kabuktian tina 21 urang siswa anu ditaluntik aya 11 urang (52,4%) kaasup kana kategori luhur (L), 7 urang (33,3%) kaasup kana kategori luhur pisan (LP), jeung 3 urang (14,3%)

kaasup kana katégori sedeng (S). Rengking kecenderungan aya dina tahap luhur (L).

- 3) siswa kelas V SDN Tajur I Cigasong Majalengka geus mampuh dina milih kalimah éféktif kabuktian tina 21 urang nu ditalungtik aya 16 urang (76,2%) kaasup kana kategori luhur, 3 urang (14,3%) kaasup kana kategori sedeng (S), 2 urang (9,5%) kaasup kana kategori Luhur pisan (LP). Rengking kecenderungan dina kamampuh milih kalimah efektif aya dina tahapan luhur (L).
- 4) siswa kelas V SDN Tajur I Cigasong Majalengka dina nuliskeun dongéng basa Sunda geus mampuh dina ngagunakeun éjahan. Kabuktiab tina 21 urang siswa nu ditalungtik sacara aya 12 urang (51,1%) kaasup kana kategori sedeng (S), 9 urang (49,9%) kaasup kana kategori luhur (L). Rengking kecenderungan dina kamampuh ngagunakeun éjahan aya dina tahapan sedeng (S).
- 5) siswa kelas V SDN Tajur I Cigasong geus mampuh dina tampilan nuliskeun dongéng (karapihan tulisan). Kabuktian tina 21 urang siswa nu ditalungtik aya 10 urang (47,6%) kaasup kana kategori sedeng (S), 9 urang (42,9%) kaasup kana kategori luhur (L), 2 urang (9,5%) kaasup kana kategori luhur pisan (LP). Rengking kacenderungan dina tampilan nuliskeun dongéng (tampilan nulis) aya dina tahapan sedeng (S).

Jadi, kamampuh nuliskeun dongéng siswa kelas V SDN Tajur I Cigasong Majalengka sagemblengna geus mampuh. Hal ieu kabukti tina 21 siswa nu

ditalungtik aya 11 urang (52,4%) kaasup kana kategori luhur (L), 9 urang (42,8%) kaasup kana kategori luhur pisan (LP), saurang (4,8%) kaasup kana kategori sedeng (S). Rengking kacenderungan aya dina tahap luhur (L).

## 5. 2 Saran

Sabada nyindekkeun hasil analisis data dina ieu panalungtikan, aya sawatara saran anu rék ditepikeum ka pihak guru jeung sakola dina pangajaran basa Sunda hususna dina palajaran nulis jeung dongéng.

- a. Sangkan kamampuh nulis leuwih ngaronjat hasilna, salah sahiji carana nya éta siswa kudu wanoh jeung nyaho kalawan ngarti kana tatacara nulis nu bener tur hadé, contona dina ngagunakeun éjahan, basa, jeung eusi dongéng.
- b. Pikeun ngahontal tujuan pangajaran nulis diperlukeun waktu nu cukup pikeun siswa sangka leuwih lancar dina nulisna, hususna dina karapihan tulisan jeung dina ngalarapkeun éjahan dina nulis atawa ngarang. Sakuduna lamun unggal réngsé pangajaran guru kudu méré pancén nulis ka siswa tuluy hasil siswa dipariksa kalawan gemet. Sabada dibikeun, guru kudu nyontoan heula ka siswa nu kumaha nulis anu bener, contona guru kudu méré conto dina ngagunakeun éjahan nu bener tur luyu jeung aturan tatabasana, siswa bakal kalatih dina ngabenerkeun kasalahan tulisana jeung dina karapihan tulisanana kalawan taliti jeung bener.
- c. Pikeun ngaronjatkeun ajén pangajaran nulis, pihak sakola sakuduna ngalengkepan buku-buku pangajaran basa Sunda hususna nu aya patalina jeung pangajaran nulis.